Jépp jëf ju baax sarax la

Jële nañu ci Jaabir Ibn Abdullah -yal na leen Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «Jépp jëf ju baax sarax la».
[Wér na] [Al-buxaariy soloo na ko ca Adiisu Jaabir ba, Muslim it soloo ko ci Adiisu Husayfa]

Yónente bi, -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak jàmm, daf nuy xamal ne, bépp rafetal ak njariñ ci nit ñi, moo xam wax la walla jëf, sarax la, te dafay maye ab yool ak tiyaaba.

https://sunnah.global/hadeeth/wo/show/5346

النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee